

Kòm ou gen dwa konnen, ane pase, palman te aplike Lwa Konje Familyal ak Medikal Peye a (*Paid Family and Medical Leave Act*) (PFML), ki te etabli yon nouvo benefis pou anplwaye Massachusetts yo. Menm jan ak tout anplwayè nan Massachusetts, Leta a oblije patisipe nan pwogram sa a, ki administre pa nouvo Depatman Konje Familyal ak Medikal (*Department of Family and Medical Leave*) (DFML), epi lwa a di Depatman Edikasyon ak Swen Bonè a (*Department of Early Education and Care*) (EEC) se anplwayè founisè swen timoun familyal ki okipe timoun ki sibvansyone yo.

Lalwa nan Massachusetts di founisè swen timoun familyal yo se anplwaye Depatman Edikasyon ak Swen Bonè (EEC) pou bi ki limite. Gade M.G.L 15D § 17 (b) ak (c). Inisyalman EEC se te anplwayè a sèlman pou relasyon travay ak dediksyon pewòl. Sa a te elaji pa lwa Tan pou Maladi Merite ak lwa Konje Familyal ak Medikal Peye (PFML) aktyèl la, ki konsidere EEC kòm anplwayè a pou bi sa yo tou. Relasyon anplwayè-anplwaye ant EEC ak founisè swen timoun familyal pa kreye yon relasyon anplwayè-anplwaye ant founisè swen timoun familyal ak ajans Resous ak Rekòmandasyon pou Swen pou Timoun (*Child Care Resource and Referral*) (CCRR) ni ak Sistèm Swen Timoun Familyal yo (*Family Child Care Systems*) (FCCS). Li pa kreye yon relasyon anplwayè-anplwaye pou okèn lòt objektif.

Lalwa egzije anplwayè yo founi avi sou lwa a dirèkteman pou tout anplwaye yo. Fok tout anplwaye yo rekonèt avi a (oubyen remake refi de rekonesans) pa tout anplwaye yo. Nan jou 30 septanm 2019, EEC te voye yon imèl ki te notifye founisè swen timoun familyal yo de chanjman yo nan lalwa. EEC ap re-voye avi sa a pou n raple w de chanjman k ap vini yo. **Ou kapab voye kesyon ak fòmilè rekonesans yo bay: eecpfml@mass.gov.**

Nou te tradwi avi sa a nan trèz lang epi li disponib nan lyen sa a: <https://www.mass.gov/lists/paid-family-and-medical-leave-downloads-for-massachusetts-employers>.